



Pou Piblikasyon Imedya: 23/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE PASYAN KI GEN DÈT MEDIKAL YO

*Lejislasyon (S.6522A/A.7363A) pwoteje pasyan k ap fè fas ak bòdwo medikal  
eleve kont kèk sanksyon kont salè yo oswa pwopriyete yo*

*Yon pati nan objektif Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 a pou pwoteje konsomatè  
New York yo ak amelyore sante finansye*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.6522A/A.7363A) pou pwoteje pasyan yo ki fè fas ak bòdwo medikal ki eleve ki ka mennen nan sezi salè oswa nan privilèj kont pwopriyete yo.

"Pèsonn pa ta dwe fè fas ak menas pou li pèdi kay li oswa pou li tonbe nan plis dèt apre li fin chèche swen medikal", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen lejislasyon jodi a ki pral mete fen nan pratik koleksyon danjere ak predatè sa a pou ede pwoteje Nouyòkè yo kont sanksyon enjis sa yo. Ak dèt medikal la ki se yon fado pou twòp moun, sa a se yon etap enpòtan pou adrese pwoblèm enpòtan sa a."

Lejislasyon (S.6522A/A.7363A) amande lwa ak règleman pratik sivil yo pou entèdi founisè swen sante yo mete privilèj imobilye sou rezidans prensipal yon moun oswa sezi salè li pou kolekte dèt medikal. Gouvènè Hochul te dekri objektif li pou pwoteje konsomatè New York yo ak amelyore sante finansye yo nan [Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 li a](#), ki gen ladann abòde dèt medikal epi pwoteje konsomatè yo kont pratik abizif ak pinitif ki mennen nan ogmantasyon presyon ke yo pa merite.

Prèske mwatye adilt Ameriken yo ap lite pou yo peye depans swen sante yo, epi plis pase 50,000 Nouyòkè yo te pou suiv nan lajistis pou dèt medikal pandan senk ane ki sot pase yo; pwoblèm sa a pi pwopaje nan nò Eta New York. Anvan sa, lopital oswa founisè swen sante yo te kapab enpoze ak aplike privilèj sou rezidans prensipal yon pasyan pou satisfè yon jijman nan yon pwosè dèt medikal, ki mennen nan enstabilitè lojman ak konsekans finansye devastè pou Nouyòkè vilnerab yo.

**Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare,** "Nouyòkè yo pa ta dwe nan perèz pou pèdi kay yo oswa mwayen estil lavi yo akoz yo t ap chèche swen medikal, espesyalman nan moman finansye difisil sa yo. Mwen vle remèsyé Gouvènè Hochul paske li te siyen

pwojè lwa mwen an pou pwoteje Nouyòkè yo pou yo pa fè fas ak privilèj sou kay yo oswa sezi salè pa enstitisyon medikal yo nan kad efò y ap fè pou kolekte dèt medikal yo. Nou dwe travay ansanm pou elimine dèt medikal nan Eta nou an e mwen kontan dèské n ap franchi premye etap enpòtan sa a."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare**, "Nouyòkè yo ap lite ak depans swen sante yo menm lè yo gen asirans. Moun k ap chèche swen yo abouti ak bòdwo pou kouvri depans nan pòch yo ki toujou ap ogmante, ki gen ladan gwo franchiz, kopeman ak plizyè frè ke asirans pa kouvri. Kay ak revni moun pa ta dwe menase pou yo satisfè dèt medikal. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen S.6522A/A.7363A an lwa pou ede pwoteje pasyan yo kont pratik grav sa yo. Pwojè lwa sa a pa t ap reyalize san travay di epi tenas ak defans Senatè Rivera, lòt kòlèg lejislatif ak defansè yo, espesyalman Sosyete Sèvis Kominotè (Community Service Society) a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418